**दिन–मंगलवार** **दिनांक–20.01.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

भारतीय जनता पार्टीक कार्यकारी अध्यक्ष नितिन नबीन पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष निर्वाचित भेलाह अछि। नव दिल्लीक भाजपा मुख्यालय मे पार्टीक राष्ट्रीय निर्वाचन अधिकारी डॉक्टर के. लक्ष्मण हुनक नामक घोषणा कयलनि। काल्हि श्री नबीन अपन नामांकन भरने छलाह। नामांकन पत्रक सभ सैंतीस सेट वैध पाओल गेल। घोषणाक बाद श्री नितिन नबीन राष्ट्रीय अध्यक्ष पदक शपथ लेलनि। एहि मौका पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी जनौलनि जे हमर नेतृत्व परंपरा सँ चलैत अछि, अनुभव सँ समृद्ध होयत अछि आओर जनसेवा, राष्ट्रसेवा भाव सँ संगठन आगू बढ़ैत अछि। प्रधानमंत्री श्री नबीन के बधाई दैत पहिनेक सभ अध्यक्षक योगदानक अभिनंदन कयलनि। प्रधानमंत्री, नितिन नबीनक सरलता आ सहजताक प्रशंसा कयलनि। ओ जनौलनि जे ओ हमार बॉस छथि आओर हुनक कार्य अनुभव अनुशासन आओर कार्यशैली सँ पार्टी के बेसी लाभ भेटत। पूर्व अध्यक्ष आओर केन्द्रीय मंत्री जे.पी. नड्डा जनौलनि जे श्री नबीनक युवा नेतृत्व मे पार्टी नव ऊँचाई के छुअत। एहि सँ पहिने प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आओर केन्द्रीय मंत्री अमित शाह, राजनाथ सिंह, जे.पी.नड्डा आओर नितिन गडकरी हुनक स्वागत कयलनि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ समृद्धि यात्राक बीच गोपालगंज जिला मे तीन सय सोलह करोड़ टाकाक कतेको विकास परियोजनाक शिलान्यास आओर लोकार्पण कयलनि। ई योजना मे– सड़क, पूल–पुलिया, तटबान्ह, शिक्षा, स्वास्थ्य, पेयजल, कृषि आओर ग्रामीण आधारित संरचना के मजगूती भेटत। मुख्यमंत्री श्री कुमार बरौली प्रखंड मे आयोजित कार्यक्रम मे लोकसभ सँ संवाद करैत जनौलनि जे राज्य सरकार सभ जिला मे विकासक मूल धारा बनेबाक प्रयास कऽ रहल अछि। मुख्यमंत्री जिला मे चलाओल जा रहल कतेको विकास परियोजना आओर काल्याणकारी योजनाक समीक्षा सेहो कयलनि। एहि बीच उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आओर विजय कुमार सिन्हा सहित कतेको जनप्रतिनिधि सभ छलाह।

---

प्रदेश मे जमीन मापीक लंबित मामिलाक निपटारा एकतीस जनवरी धरि कऽ लेल जायत। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सोशल मीडिया पोस्ट मे ई जनतब दैत राजस्व आओर भूमि सुधार विभागक निर्णयक प्रशंसा कयलनि अछि। श्री कुमार जनौलनि जे एहि सँ सरल, पारदर्शी आओर समय पर मामिलाक  निपटारा भऽ सकत। एम्हर, उपमुख्यमंत्री सह राजस्व आ भूमि सुधार मंत्री विजय कुमार सिन्हा जनौलनि जे राज्य मे अभियान चला कऽ जमीन सँ जुड़ल झंझट के समाप्त करबाक प्रयास कयल जा रहल अछि। श्री सिन्हा जनौलनि जे विवादित भू–मापीक मामिला के लऽकऽ सेहो एक अप्रैल सँ विशेष अभियान चलाओल जायत।

———————————————————————

पंचायती राज मंत्री दीपक प्रकाश जनौलनि जे एहि बरख पंचायत चुनाव पारदशी आओर निष्पक्ष कराओल जायत। औरंगाबाद मे पत्रकार सभ सँ गपशप मे श्री प्रकाश जनौलनि जे फर्जी मतदान के रोकबाक लेल चेहरा पहिचान तकनिकक मददि लेल जायत। ओ जनौलनि जे एहि सँ पछिला चुनाव मे फर्जी मतदानक शिकायतक बाद विश्वास बढ़ेबाक लेल ई ढेग उठाओल गेल अछि। श्री प्रकाश जनौलनि जे एहि बरख होयवला पंचायत चुनाव मे नव आरक्षण रोस्टर लागू होयत। संगहि, भोट ईवीएम सँ कराओल जायत।

———————————————————————

गणतंत्र दिवस पर नव दिल्ली मे आयोजित होयबला मुख्य समारोह मे भाग लेबाक लेल राज्यक दस मुखिया के निमंत्रण भेटल अछि। एहि मे सहरसा जिलाक महिषी प्रखंडक बीरगांमक पंचायतक मुखिया अर्चना आनंद आओर ग्राम पंचायत नहरवारक मुखिया नूतन भारती छथि।

———————————————————————

राजगीर खेल परिसर मे काल्हि सँ तीन दिवसीय महामना हॉकी गोल्ड कप टूर्नामेंट शुरू भेल। एहि मे सात राज्यक सोलह टीम भाग लऽ रहल अछि।

———————————————————————

पश्चिमी विक्षोभ के सक्रिय भेला सँ राजधानी पटना सहित राज्यक बेसी क्षेत्र मे मौसम बदलल अछि। राजधानी पटना आओर लऽगपासक क्षेत्र मे बादल छाओल अछि। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे जनौलक अछि जे अगिला दू दिनक बीच राज्य मे बेसी ठाम अधिकतम तापमान तीन सँ चारि डिग्री सेल्सियस धरि कमि सकैत अछि, जाहि सँ कनकनी बढ़त। एम्हर पछिला चौबीस घंटाक बीच किशनगंज राज्यक सभ सँ बेसी ठंढा स्थान रहल, जतऽ न्यूनतम तापमान आठ दशमलव पांच डिग्री सेल्सियस रहल।

———————————————————————

शिवहर जिला परिषदक बैसार मे आइ ग्राम पंचायत विकास योजना मे कतेको काज के लऽकऽ चर्चा कयल गेल। बैसारक अध्यक्षता परिषदक अध्यक्ष विजय कुमार सिंह कयलनि।

मधुबनी जिलाक पंडौल पावर ग्रिड मे पछिला दिन भेल हादसा मे घायल सहायक कार्यपालक अभियंता अश्विनी कुमार आओर ऑपरेटर सज्जन कुमारक इलाजक बीच मृत्यु भऽ गेलनि। दुनूक दिल्लीक सफदरगंज अस्पताल मे इलाज चलि रहल छल।

अररिया पुलिस जिलाक जोगबनी बाजारक दू किराना दोकान मे छापा मारि कऽ भारी मात्रा मे नकली पापड़ बरामद कयलक अछि। ई मामिला मे दू लोक के गिरफ्तार कयल गेल अछि।

केन्द्रीय मंत्री राजीव रंजन सिंह उर्फ ललन सिंह आइ अपन संसदीय क्षेत्र मुंगेरक तारापुर गेलाह, आओर ओ नामी शक्तिपीठ मां तेलडीहा मंदिर मे पूजा—पाठ कयलनि।

———————————————————————

समाप्त